



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ÈD DISPONIB POU BENEFISYÈ SNAP YO POU YO RANPLASE MANJE KI PÈDI PANDAN SIKLÒN IDA A

Rezidan Vil New York yo, Konte Nassau, Suffolk, ak Westchester elijib pou ranplasman avantaj yo

Yo pèmèt benefisyè SNAP nan kominote sa yo achte tanporèman manje prepare avèk avantaj yo.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke asistans disponib pou ede benefisyè Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) yo nan Vil New York, Long Island ak Westchester ranplase manje yo pèdi kòm konsekans blakawout ak inondasyon ke Siklòn Ida a te lakòz. Anplis de sa, rezidan nan kominote sa yo pral kapab itilize tanporèman avantaj SNAP yo a pou achte manje cho ak manje prepare.

"Blakawout ak domaj ke Ida te lakòz yo kontinye afekte plizyè milye fanmi New York, epi nou bezwen asire nou fanmi yo kapab mete manje sou tab yo pandan yo ap rekipere anba tanpèt tèrib sa a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Asistans sa a ki soti nan gouvènman federal la pral ede Nouyòkè yo achte manje epi nouri fanmi yo apre yon evènman move tan destriktè. Mwen ankouraje moun ak fanmi ki afekte yo aplike pou ranplasman avantaj SNAP yo pou ede asire ke bezwen alimantè yo satisfè pandan yo ap travèse tan difisil sa a".

Ranplasman avantaj SNAP la limite pou tout Vil New York ak konte Nassau, Suffolk, ak Westchester, zòn ki te afekte pi sevèman anba inondasyon toudenkou a nan dat premye septanm lan ke gwo lapli nan rès Siklòn Ida a te lakòz.

Benefisyè SNAP ki te gen manje yo gate kòm rezilta inondasyon, blakawout oswa lòt domaj ke tanpèt la te lakòz kapab resevwa ranplasman avantaj jiska kantite avantaj SNAP yo a pou mwa out la, gen ladan alokasyon SNAP pou ijans lan, ak avantaj anplis ki te asire ke benefisyè SNAP yo kontinye resevwa avantaj mansyèl maksimòm la pandan pandemi an.

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Mike Hein te deklare, "Nou pral travay depre avèk ofisyèl lokal yo pou asire ke yo bay ranplasman avantaj SNAP yo ak fanmi ki elijib yo nan yon delè ki apwopriye. Li vital pouke Nouyòkè ki afekte anba

Siklòn Ida a kapab noura tèt yo ak fanmi yo pandan yo kòmanse pwosesis rekiperasyon anba tanpèt la".

Rezidan Vil New York, konte Nassau, Suffolk, ak Westchester ki panse yo gendwa elijib pou ranplasman avantaj SNAP yo dwe retounen yon fòmilè ki siyen epi ki ranpli, ke yo ap jwenn [isit la](#), bay biwo depatman sèvis sosyal yo a oswa sant SNAP nan Vil New York la disi premye oktòb. Aplikasyon an disponib tou nan plizyè lang nan <https://otda.ny.gov/programs/applications/>.

Benefisyè SNAP yo nan kominote sa yo kapab itilize kounye a avantaj SNAP yo pou achte manje cho ak manje prepare jiska 3 oktòb. Anpil rezidan te evakye ale nanabri yo oswa nan lòt aranjanman lojman tanporè yo akòz blakawout kontini ak domaj nan kay yo a. Anpil pa kapab konsève manje yo ni yo pa gen aksè ak entalasyon kizin yo. Yo nòmalman entèdi benefisyè SNAP yo achte manje cho ak manje prepare avèk avantaj yo a.

Ou kapab jwenn enfòmasyon sou fason Nouyòkè ki afekte anba Siklòn Ida a kapab reponn ak bezwen debaz yo, gen ladan fason ou yo aplike pou SNAP, asistans piblik ak asistans pou ijans, nan <https://www.governor.ny.gov/governors-relief-and-response-resources/meeting-basic-needs>.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)